



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 5 mas 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PI GWO ENVESTISMAN SENP ETA A POU REDUI FRAKTI NIMERIK LA NAN ISTWA NEW YORK

\$25 Milyon Dola nan Sibvansyon Laj Bann Connect NY Pral Ogmante Sèvis Entènèt Gran Vitès nan Kominote ki Pa Jwenn Ase Sèvis nan New York

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York pral bay \$25 milyon dola nan finansman pou bay plis aksè nan Entènèt gran vitès nan pati nò riral la ak nan zòn lavil ki pa resevwa ase sèvis nan New York avèk Pwogram Sibvansyon Laj Bann Connect NY. Sibvansyon sa a ap pote kantite lajan total finansman yo bay pou pwojè laj bann pandan administrasyon Gouvènè Cuomo a plis pase \$56 milyon dola, pi gwo angajman pou finansman laj bann eta a nan nasyon an.

Yo te chwazi dizuit (18) pwojè laj bann pou resevwa sibvansyon Laj Bann Connect NY ki baze sou apwobasyon Konsèy Rejyonal yo ak eskò teknik yon komite bay apre li te analize ak klas pwojè k ap fè konpetisyon pou \$25 milyon dola nan finansman laj bann. Nan mwa desanm nan, Gouvènè Cuomo te bay prèske \$6 milyon dola nan finansman, nan Seri 2 pwogram Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal, pou kat (4) sipòtè pwojè k ap ogmante Entènèt gran vitès nan rejyon North Country.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Avèk pwogram Connect NY, n ap bay aksè nan Entènèt gran vitès nan tout kwen Eta New York. Pwojè ki resevwa sibvansyon sa yo reprezante pi bon pwopozisyon yo avèk plis posiblite pou bay avantaj nan efò devlopman ekonomik eta a ak kominote a. Lajan sa a pral ranfòse kapasite laj bann New York, epi l ap ankouraje adopsyon dirab sèvis laj bann nan kominote ki pa jwenn sèvis yo ak nan kominote ki pa jwenn ase sèvis, nan konte yo ak nan rejyon ki toupatou nan eta a.”

Ansanm, pwojè sa yo pral bati apeprè 6.000 mil kare nouvo enfrastrikti, epi y ap bay sèvis Entènèt gran vitès pou 153.000 kay, 8.000 biznis ak 400 enstitisyon kominote enpòtan nan New York – anpil ladan yo pa gen mwayen pou jwenn Entènèt. Anplis gwo avantaj ekonomik ki sòti nan aksè laj bann, pwojè Connect NY finance yo pral kreye 1.400 nouvo djòb. Pifò finansman an pral pou sèvis “dènye-mil” laj bann, sa ki vle di pwojè yo ap bay koneksyon Entènèt gran vitès dirèkteman pou Nouyòkè yo. Dènye mil la se pòsyon ki chè nan yon rezo laj bann, epi ki souvan anpeche anpil sitwayen zòn riral yo resevwa sèvis laj bann, menm lè sèvis la disponib toupre lakay yo.

Yo te deziyen pwogram Connect NY pou jwenn rezo ki la deja founisè laj bann ki la yo te bati, avèk investisman prive, lòt sous finansman eta ak sous finansman federal. Yon eleman enpòtan nan chwa pwojè yo t ap evite “eksè,” pou asire estrateji pwojè yo jwenn resous rezo ki la deja epi pou mande yon estrateji jeneral pou itilize laj bann apre yo te fini pwojè yo.

\$25 milyon dola nan finansman eta a pral melanje avèk yon investisman sektè prive pou chak pwojè laj bann, pou ogmante investisman total leta a plis pase \$32 milyon dola. Gouvènè Cuomo te anonse pwogram sibvansyon Connect NY pou \$25 milyon dola nan mwa out pou ankouraje aksè nan Entènèt laj bann toupatou nan eta a, pou ranfòse kominote nou yo, epi pou ankouraje devlopman ekonomik. Yo te soumèt plis pase \$89 milyon dola nan aplikasyon laj bann avèk aplikasyon finansman gwoupe Eta New York (CFA), ki te kreye pou bay biznis yo ak lòt enstitisyon plis aksè rapid nan finansman devlopman ekonomik.

Pwojè laj bann yo te chwazi kòm benefisyè sibvansyon Connect NY endike anba la a:

\$24.010 pou Pwojè Smithville

Pwojè sa a avèk Haefele TV Inc. pral sèvi rejyon Southern Tier. Pwojè Smithville pral bati kab fib optik pou itilize enfrastrikti ki la deja. Rezo a ap pase nan 350 kay, epi l ap bay sèvis laj bann avèk vitès 7 Mbps pou telechaje ak 1,5 Mbps pou tele-transmèt pou apeprè 100 nouvo abònè.

\$114.015 pou Pwojè Ovid and Romulus Broadband

Pwojè sa a avèk Trumansburg Telephone Company pral sèvi rejyon Finger Lakes. Pwojè Ovid and Romulus Broadband pral bay laj bann nan zòn ki pa jwenn sèvis yo nan teritwa konpayi ki nan ti vil Ovid ak Romulus. Pwojè a pral pèmèt 110 kliyan ki nan zòn sa a ki pa gen okenn kalite disponiblite sèvis laj bann jwenn sèvis Entènèt gran vitès. Pwojè a pral ofri rabè sou frè pou pran abònman, fòmasyon gratis ak imèl.

\$200.000 dola pou Pwojè Connect Thurman White Space

Pwojè sa a avèk Sosyete Devlopman Ekonomik Konte Warren pral sèvi rejyon Capital District. Avèk yon patenarya piblik/prive, pwojè Thurman White Space pral bay aksè laj bann pou 89 kay nan zòn nòdès Vil Thurman. Vil Thurman pral ofri sitwayen ki nan dezavantaj ekonomik yo aksè nan òdinatè piblik ak fòmasyon dijital amelyore pou aprann li ak ekri.

\$557.000 dola pou Agrandisman Sèvis Laj Bann Konte Essex

Pwojè sa a pral sèvi rejyon North Country. Pwojè Agrandisman Sèvis Laj Bann Konte Essex pral bay sèvis laj bann gran vitès pou kay ki pa gen aksè nan Vil Jay ak Wilmington, pou pase a 1.900 kay. Pwojè a pral bay tou sèvis videyo dijital ak pètèt yon sèvis telefòn konpetitif.

\$558.940 dola pou Rezo San Fil Konte Otsego

Pwojè sa a avèk IDA Konte Otsego pral sèvi rejyon Mohawk Valley. Rezo San Fil Konte Otsego pral kolabore avèk yon founisè dènye mil pou jwenn poto-mitan fib ki bay aksè lib nan konte a pou deplwaye laj bann dènye mil lan nan 24 ti vil, 9 vilaj ak 1 vil nan Konte Otsego, pou sèvi apeprè 28.000 kay, 4.500 biznis ak 300 adrès enstitisyon enpòtan. Rezo san fil la pral disponib tou pou nenpòt òganizasyon valab oswa founisè sèvis ki vle itilize li.

\$572.000 dola pou Laj Bann Konte Hamilton ak Konte Herkimer

Yon (1) pwojè Laj Bann avèk Newport Telephone Company se yon pwojè nan plizyè rejyon k ap sèvi rejyon North Country ak rejyon Mohawk Valley. Pwojè a ap jwenn enfrastrikti ki la deja pou bay sèvis laj bann pou 230 sitwayen, biznis ak enstitisyon enpòtan kominote ki nan Konte Hamilton ak Konte Herkimer. Pwojè a pral amelyore sèvis ijans lan tou pou toulède konte yo.

\$672.452 dola pou Laj Bann Southern Tier

Pwojè sa a avèk Southern Tier West Development Foundation pral sèvi rejyon Western. Pwojè a pral bay plis aksè nan sèvis laj bann, epi l ap ogmante vitès laj bann avèk yon sistèm WiMAX (Entewoperabilite pou Aksè Mikwo-onn) nan ti vil ak vilaj ki nan konte Chautauqua, Allegany, Cattaraugus, ak Erie, pou pase a plis pase 41.000 kay. Pwojè a pral kolabore tou avèk klinik medikal lokal yo pou amelyore dosye medikal elektwonik yo ak modènize materyèl ak lojisyèl ki nan bibliyotèk yo nan Konte Chautauqua, Cattaraugus, Allegany, Steuben, ak Chemung.

\$800.000 dola pou Laj Bann Konte Allegany

Pwojè sa a avèk Konte Allegany pral sèvi rejyon Western New York. Pwojè Laj Bann Konte Allegany pral kreye yon platfòm nan konte a pou bay aksè nan yon rezo ki la deja, pou bay laj bann pou 28 kominote lokal ak 17.440 kay nan Konte Allegany ki pa gen sèvis laj bann nan moman an.

\$976.426 pou Lyon Mountain Broadband

Pwojè sa a avèk Slic Network Solutions pral sèvi rejyon North Country. Pwojè Lyon Mountain Broadband pral bay sèvis laj bann gran vitès ki pa koute chè nan Kominote Lyon Mountain pou 527 kay, avèk teknoloji fib nan kay. Answit, rezo sa a pral bay sèvis telefòn, sèvis IPTV, ak sèvis biznis avanse sou fib.

\$1.012.366 pou Bellmont North Next Generation Broadband

Pwojè sa a avèk Slic Network Solutions pral sèvi rejyon North Country. Pwojè Bellmont North Next Generation Broadband pral bay sèvis laj bann gran vitès ki pa koute chè nan Adirondack Park pou pwent nò Ti Vil Bellmont. Y ap bay sèvis avèk 25,3 mil fib nan kay ak teknoloji san fil pou konekte 124 kay. Rezo a pral pèmèt yo bay sèvis telefòn, sèvis IPTV, ak sèvis biznis avanse sou fib.

\$1.636.346 dola pou Connect NYC

Pwojè sa a avèk Sosyete Devlopman Ekonomik Vil New York pral sèvi rejyon Vil New York. Lè nou fè yon konpetisyon pou finanse konstwiksyon fib nan biznis ki piti ak mwayen, epi nan tèt ansanm avèk Founisè Sèvis Entènèt Sektè Prive a, Pwojè Connect NYC pral sèvi pou agrandi enfrastrikti fib ki disponib pou biznis komèsyal ak endistriyèl nan Vil New York.

\$1.800.000 dola pou MTC Broadband Buildout

The MARK Project Inc. pral sèvi minisipalite ki nan Capital District, Mohawk Valley ak Southern Tier. Pwojè a pral bay sèvis telekominikasyon, tankou laj bann, sèvis pou pale ak videyo, pou 900 sitwayen, biznis, ak enstitisyon enpòtan ki nan zòn ki pa jwenn sèvis nan ti vil Conesville, Gilboa, Halcott, Middletown, ak Roxbury. Pwojè a pral ofri tou koneksyon laj bann pou enstitisyon enpòtan kominote ki nan zòn sèvis la pou gratis.

\$1.999.584 dola pou Parish Broadband

Pwojè sa a avèk New Visions Communications pral sèvi rejyon Central New York. Pwojè a pral itilize enfrastrikti ki la deja pou bay entènèt gran vitès, VoIP ak televizyon nan kab pou Ti Vil Parish, kote 72% popilasyon an pa gen aksè nan laj bann, VoIP oswa televizyon ka liy terès. Pwojè a pral kreye tou 20 djòb nan domèn konstwiksyon ak 6 djòb pèmanan.

\$2.042.177 pou Connecting the Capital Region

Hudson Valley Wireless pral bay aksè nan laj bann san fil fiks a gran vitès pou prèske 40.000 kay ak 2.000 biznis ki pa gen aksè nan moman an nan Konte Washington ak Rensselaer. Answit, rezo a pral amelyore operasyon sekirite piblik la nan rejyon an lè li pèmèt redondans kominikasyon sekirite piblik ak lè li pèmèt minisipalite yo itilize yon pòsyon laj bann nan pou gratis.

\$2.162.656 dola pou Schroon Lake Next Generation Broadband

Pwojè sa a avèk Slic Network Solutions pral sèvi rejyon North Country. Slic Networks Solutions pral bay sèvis laj bann gran vitès ki pa chè pou 457 kay nan zòn ki pa jwenn sèvis yo nan Ti Vil Schroon ak Ti Vil North Hudson. Y ap bay sèvis sa a avèk fib nan teknoloji nan kay. Slic pral bay tou pwèn cho pou espas piblik moun vizite souvan tankou ban piblik ki nan Schroon Lake.

\$2.216.000 dola pou Kouvèti Dènye Mil pou Konte Tompkins ak Cayuga

Pwojè sa a avèk Clarity Connect Inc. se yon pwojè plizyè rejyon k ap sèvi rejyon Central New York ak rejyon Southern Tier. Pwojè sa a ap jwenn enfrastrikti gwo bilding wo ki la deja pou bay sèvis laj bann pou pòsyon ki pa jwenn sèvis nan Ti Vil Ulysses, Enfield, Newfield, Danby, Groton, Lansing, Ledyard, Genoa, Venice, Scipio, Niles, Sempronius, ak Summerhill ki nan Cayuga ak Konte Tompkins. Pwojè a ap modènize sèvis DSL yo tou pou ogmante vitès ki la deja.

\$2.407.049 pou Rezo Fib Aksè Lib Konte Yates

Pwojè sa a avèk Konte Yates pral sèvi rejyon Finger Lakes. Rezo Fib Aksè Lib pral bati ak opere yon bag fib optik avèk sipò pou zòn ki lwen nan Konte Yates. Rezo sa a pral sèvi kòm yon fondasyon poto-mitan pou devlopman pwojè laj bann ki baze nan kominote. Rezo fib aksè lib pral sou yon distans 68 mil, pou pase nan 10.400 kay, epi l ap disponib pou itilize nan chak ti vil kote li pase.

\$5.266.979 pou Agrandisman Laj Bann nan Eta a

Pwojè Agrandisman nan Eta a se yon pwojè nan eta a k ap sèvi 9 rejyon. Time Warner Cable pral deplwaye sèvis Entènèt gran vitès solid pou 4.114 kay ki nan Capital, Central, Finger Lakes, Mid-Hudson, Mohawk Valley, NYC, North Country, Southern Tier ak rejyon Western Eta New York. Pwojè a pral bay sitwayen yo aksè nan televizyon dijital, sèvis telefòn ak sèvis sekirite.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418